

## KONSANTMAN AK DIVILGASYON ENFÒMASYON POU VAKSEN NEMOKOKSIK

**Non Pasyan:** «FirstName» «LastName»

**Dat Nesans:** «DOB»

### ENTWODIKSYON

Ou gen dwa pou pran desizyon sou swen sante ke ou resevwa kounye a ak nan lavni. Yon **direktiv davans** se yon deklarasyon ekri ke w' prepare pou kominike volonte ou sou tretman medikal pou lè ou pa kapab fè yo konnen volonte'w akòz yon maladi oswa blesi. Desizyon pou'w fè yon direktiv davans se yon bagay pèsònèl e ta dwe fèt sèlman apre anpil konsiderasyon. Ou ka vle diskite desizyon ou ak fanmi, zanmi, pastè, avoka ak/oswa doktè ou.

Lwa federal egzije pou yo di'w dwa ou pou'w fè yon direktiv davans lè y'ap entène ou nan yon etablisman swen sante. Byenke lwa chak eta varye, chak eta ba'w pwoteksyon pou'w deside ki moun ou vle pou pran desizyon medikal ou pou ou oka ou pa kapab fè desizyon sa yo pou tèt ou.

Gen divès kalite fòm direktiv davans ki enkli: (1) testaman vivan; (2) pouvwa avoka swen sante/deziyasyon ranplasan swen sante; (3) yon don anatomik, 4) deklarasyon preferans tretman sante mantal ak 5) lòd pinga reyanime (DNR). Sa ki vinn apre a se deskripsyon direktiv davans ki disponib pou ou.

### DESKRIPSYON

#### Testaman Vivan –

Yon **testaman vivan** di pwofesyonèl swen sante ou si ou vle yo itilize pwosedi ranvwaye-lanmò si ou gen yon kondisyon tèminal, epi ou pa kapab deklare volonte ou. Yon testaman vivan k'a enkli youn oswa plis, oswa tout bagay sa yo:

- Enstriksyon ke tretman pou pwolonje lavi ou pa bezwen bay, oswa yon fwa yo kòmanse, pou yo sispann tretman sa yo.
- Enstriksyon pou yo pa bay manje (nitrisyon) ak dlo (Idratasyon) atravè mwayen atifisyèl, tankou tib, oswa yon fwa kòmanse, pou yo sispann.
- Yon chwa youn oswa plis moun ki pou aji kòm ranplasan ou ak pran desizyon pou ou, epi
- Enstriksyon pou yo bay tout oswa nenpòt pati nan kò ou.

Yon testaman vivan, kontrèman ak yon pouvwa avoka swen sante/medikal, sèlman aplike si ou gen yon kondisyon tèminal. Yon kondisyon tèminal vle di yon kondisyon ki iremedyabl ak irevèsib k'ap abouti a lanmò kanmenn donk aplikasyon nenpòt pwosedi pou ranvwaye lanmò sèvi sèlman pou prolonje pwosesis lanmò an.

**KONSANTMAN AK DIVILGASYON ENFÒMASYON POU VAKSEN NEMOKOKSIK****Non Pasyan:** «FirstName» «LastName»**Dat Nesans:** «DOB»**Pouvwa Avoka Swen Sante/medikal /deziyasyon ranplasan –****Yon ranplasan swen sante se yon moun ou nonmen nan direktiv testaman vivan ou an oswa nan yon lòt dokiman ekri pou pran desizyon pou ou si ou pa kapab pale pou tèt ou.****Pouvwa avoka swen sante/medikal** la pèmèt ou chwazi yon moun pou pran desizyon swen sante pou ou nan lavni, si ou vinn pa kapab pran desizyon sa yo pou tèt ou. Yo rele'w "prensipal" nan fòm pouvwa avoka an epi moun ou chwazi pou pran desizyon pou ou an rele "ajan" ou. Ajan ou ap pran desizyon swen sante pou ou si ou pa kapab pran desizyon sa yo pou tèt ou ankò. Depi ou kapab fè desizyon sa yo, w' ap gen pouvwa pou fè sa. Ou ka bay ajan ou entriksyon espesifik sou swen sante ke ou vle oswa ou pa vle.

Pouvwa pou ajan ou pran desizyon swen sante pou ou gwo. Ajan ou ap oblije swiv nenpòt enstriksyon espesifik ou bay konsènan swen ou vle yo bay oswa yo pa bay. Pa egzanp, ou ka di si ou vle tretman pou soutni lavi bay nan tout sikonstans; si ou vle ak ki lè pou yo sispann tretman pou soutni lavi'w; enstriksyon konsènan refi sèten kalite tretman sou baz relijye oswa pèsònèl; ak enstriksyon konsènan kado anatomik ak kisa pou yo fè ak kadav ou. Sof si li endike otreman, pouvwa avoka swen sante/medikal lan ap kontinye an efè depi lè li te siyen an jiska lanmò ou. Ou ka anile pouvwa avoka ou nenpòt ki lè, swa pa di yon moun oswa pa anile l' alekri. Ou ka nonmen yon ajan de rechanj pou aji si premye an pa ka oswa pa pral pran aksyon. Si ou vle chanje pouvwa avoka ou, fòk ou fè sa alekri.

**Donasyon (ògàn) Anatomik –**

Yon don anatomik se yon dokiman ki endike volonte'w pou ou fè don, lè lanmò ou, tout oswa yon pati nan kò ou. Sa kapab yon don ògàn oswa tisi a yon moun ki nan bezwen, oswa don kò ou pou fòmasyon travayè swen sante. Ou ka montre chwa ou pou'w yon donatè ògàn pa yon endikasyon sou lisans oswa kat idantifikasyon eta ou an (nan biwo lisans ki pi pre w' la), siyen yon fòm donatè inifòm, oswa eksprime volonte'w nan yon testaman.

**Deklarasyon Preferans Tretman Sante Mantal -****Yon direktiv davans pou tretman sante mantal se yon dokiman legal ou kapab prepare pou eksprime volonte ou sou tretman ou vle oswa ou pa vle resevwa si ou vin malad mantal.** Yon

deklarasyon preferans tretman sante mantal pèmèt ou di si ou vle resevwa tretman elèktrochok (ECT) oswa medikaman sikotwòp lè ou gen yon maladi mantal, epi pa kapab pran desizyon sa yo pou tèt ou. Li pèmèt ou tou pou di si ou vle yo admèt ou nan yon sant sante mantal (sijè a lwa eta a).

Ou ka ekri volonte ou ak/oswa chwazi yon moun pou pran desizyon sante mantal ou pou ou. Nan deklarasyon an, yo rele'w "prensipal" epi moun ou chwazi an yo rele li "avoka-nan-reyalite". Avoka-nan-reyalite a dwe pran desizyon ki konsistan avèk nenpòt dezi ou eksprime nan deklarasyon ou sòf si yon lòd tribinal jije diferan oswa yon ijans menase lavi ou oubyen lanmò.

**KONSANTMAN AK DIVILGASYON ENFÒMASYON POU VAKSEN NEMOKOSIK****Non Pasyan:** «FirstName» «LastName»**Dat Nesans:** «DOB»**Lòd Pinga Reyanime (DNR) -**

Anplis, de tout opsyon ki disponib pi wo a, ou ka mande doktè ou tou pou li travay avèk ou pou prepare yon lòd pinga reyanime. Yon **lòd pinga reyanime** (lòd DNR) se yon lòd tretman medikal ki di pou yo pa itilize respirasyon atifisyèl (CPR) si kè ou ak/oswa respirasyon ou kanpe. Ou kapab chwazi diskite avèk pwofesyonèl swen sante ou ak/oswa avoka ou diferan kalite direktiv davans sa yo ansanm ak yon lòd DNR. Apre ou fin revize enfòmasyon konsènan direktiv davans ak lòd DNR, ou ka decide fè plis pase yon seleksyon. Pa egzanp, ou kapab fè yon pouvwa avoka swen sante ak yon testaman.

Si ou gen plis pase yon direktiv davans ak/oswa lòd DNR, di pwofesyonèl swen sante ou epi founi yo ak yon kopi. Konsa tou, ou kapab vle bay manm fanmi ou yon kopi, epi ou ta sipoze bay moun ou nonmen pou pran desizyon sa yo pou ou yon kopi tou.

**Kisa k'ap rive si ou pa gen yon direktiv davans?**

Dapre lwa eta, yo ka chwazi yon "ranplasan" swen sante pou ou si w' pa kapab pran desizyon swen sante pou tèt ou epi ou pa gen yon direktiv davans. Yon ranplasan swen sante gen dwa youn nan moun sa yo (sijè a lwa eta a): gadyen legal moun nan, mari oswa madanm, nenpòt timoun ki adilt, nenpòt nan paran yo, nenpòt frè oswa sè ki adilt, nenpòt pitit pitit ki adilt, yon zanmi pwòch, oswa gadyen legal byen yo.

Ranplasan an ka fè tout desizyon swen sante pou ou, avèk kèk eksepsyon. Yon ranplasan swen pa ka di pwofesyonèl swen sante ou pou li retire oswa refize tretman pou soutni lavi sof si ou gen yon "kondisyon ki kalifye," ki se yon kondisyon tèminal, pèt konesans pèmanan, oswa yon kondisyon ki iremedyabl ak irevèsib. Yon "kondisyon tèminal" vle di yon blesi ki iremedyabl oswa irevèsib e ki pa gen okenn chans rezonab gerizon oswa rekiperasyon, k' ap abouti a lanmò kanmenn e aplikasyon nenpòt pwosedi pou soutni lavi sèvi sèlman pou prolonje pwosesis lanmò an. "Pèt konesans Pèmanan" vle di yon kondisyon ki, nan yon wo degre de sètitud medikal, pral dire pou tout tan, san amelyorasyon; pa gen okenn panse, entèraksyon sosyal siyifikatif oswa prezans konsyans sansoryèl; epi bay tretman pou soutni lavi pral sèlman gen yon benefis medikal minim. Yon "kondisyon ki iremedyabl oswa irevèsib" vle di yon maladi oswa blesi pou ki pa gen okenn espwa rezonab gerizon oswa rekiperasyon ki finalman pral lakòz lanmò pasyan an ki enpoze gwo doulè oswa yon fado brital sou pasyan an, ak pou ki tretman pou soutni lavi pral gen yon benefis medikal minim.

Yon ranplasan swen sante, apa de gadyen ke tribinal la nonmen, gen dwa pa kapab bay konsantman li pou sèten tretman sante mantal, ki enkli tretman terapi pa elèktrochok (ECT), medikaman sikotwòp oswa admisyon nan yon sant sante mantal. Yon ranplasan swen sante ka mande yon tribinal pèmisyon pou kite yo bay sèvis sante mantal sa yo.



## KONSANTMAN AK DIVILGASYON ENFÒMASYON POU VAKSEN NEMOKOKSIK

**Non Pasyan:** «FirstName» «LastName»

**Dat Nesans:** «DOB»

### **Pwochen etap**

Ou ka vle pale ak fanmi ou, pwofesyonèl swen sante ou, avoka ou, ak nenpòt ajan oswa avoka-nan-reyalite ke ou nonmen, sou desizyon ou pou fè youn oswa plis direktiv davans oswa yon lòd DNR. Si yo konnen ki swen sante ou vle, li pral pi fasil pou yo swiv volonte ou. Si ou anile oswa chanje yon direktiv davans oswa yon lòd DNR nan lavni, sonje di menm moun sa yo de chanjman oswa anilasyon an.

Pa gen okenn etablisman swen sante, pwofesyonèl swen sante oswa konpayi asirans ki ka fè' w egzekite yon direktiv davans oswa Lòd DNR kòm yon kondisyon pou bay tretman oswa asirans. Li se antyèman desizyon ou. Si yon etablisman swen sante, pwofesyonèl swen sante oswa konpayi asirans refize swiv direktiv davans ou oswa lòd DNR ou yo sipoze di ou oswa moun ki responsab pou pran desizyon swen sante ou yo. Yo dwe kontinye bay swen jiskaske ou oswa moun k'ap pran desizyon pou ou an ka transfere ou bay yon lòt founisè swen sante ki pral swiv direktiv davans oswa lòd DNR ou an.

Plizyè òganizasyon tou fè fòm direktiv davans yo disponib. Youn nan dokiman sa yo se "Senk Volonte" ki gen ladan yon testaman ak yon deziyasyon ranplasan swen sante. "Senk Volonte" ba ou opòtinite pou ou presize si ou vle tib manje, asistans pou respire, medikaman doulè, ak lòt detay ki ta ka konsole'w tankou ki kalite mizik ou ta renmen tande, pami lòt bagay.

Ou ka aprann plis nan:

**Aging with Dignity**  
[www.AgingWithDignity.org](http://www.AgingWithDignity.org)  
**(888) 594-7437**

**American Association of Retired Persons (AARP)**  
[www.aarp.org](http://www.aarp.org) – escriba “instrucciones por adelantado” en  
buscador del sitio web



## KONSANTMAN AK DIVILGASYON ENFÒMASYON POU VAKSEN NEMOKOKSIK

**Non Pasyan:** «FirstName» «LastName»

**Dat Nesans:** «DOB»

### **Ki jan pou jwenn enfòmasyon espesifik eta**

Nan lis anba a, pou konfò ou, gen sit itil pou jwenn plis enfòmasyon espesifik a eta ou an ansanm ak fòm leta espesifik ke ou ka ranpli si ou deside.

#### **Texas:**

Depatman Granmoun Aje ak Sèvis Enfimite Texas

[http://www.dads.state.tx.us/news\\_info/publications/handbooks/advancedirectives.html](http://www.dads.state.tx.us/news_info/publications/handbooks/advancedirectives.html)

Ti liv planifikasyon Depatman Granmoun Aje ak Sèvis Enfimite Texas

<http://www.dads.state.tx.us/qualitymatters/qcp/advancecare/thinkingaheadbooklet.pdf>

#### **Florida**

[http://www.leg.state.fl.us/Statutes/index.cfm?App\\_mode=Display\\_Statute&URL=0700-0799/0765/0765.html](http://www.leg.state.fl.us/Statutes/index.cfm?App_mode=Display_Statute&URL=0700-0799/0765/0765.html)

#### **South Carolina**

<http://aging.sc.gov/legal/Pages/AdvanceDirectives.aspx>

#### **North Carolina**

[https://www.sosnc.gov/forms/by\\_title/advance\\_healthcare\\_directives](https://www.sosnc.gov/forms/by_title/advance_healthcare_directives)

#### **Kansas**

<https://www.kansaslegalservices.org/node/257/advance-directivedo-not-resuscitate>

#### **Missouri**

<https://dmh.mo.gov/docs/opla/advdirect.pdf>

Enfòmasyon yo bay isit la se pou enfòmasyon sèlman. Li pa gen entansyon bay ni ou pa dwe konsidere ke li bay konsèy legal oswa nenpòt lòt konsèy. Ou ta dwe kontakte pwofesyonèl apwopriye (yo) ak konsiltan (yo) pou evalye bezwen ak sikonstans espesifik ou epi bay konsèy kòm sadwa.

Anplis de sa, nenpòt lyen referans nan dokiman sa a yo bay kòm yon koutwazi ak konvenyans pou ou. lyen ak referans sa yo pa gen entansyon, ni yo pa konstitye, yon andòsman nan materyèl ki lye yo oswa òganizasyon ki referansye yo. Kontni ak opinyon nan lyen sa yo ak òganizasyon sa yo, sèlman pou yo, epi pa nesesèman reflète pa Humana yo, oswa ofisye òganizasyon an, direktè, oswa asosye yo.

Humana oswa nenpòt nan afilye li yo, oswa ofisye, direktè oswa asosye, pa pral responsab nan okenn ka, pou nenpòt domaj, swa dirèk, endirèk, espesyal, jeneral, oswa konsekan, ki ta ka rezilta nenpòt sèvis ak oswa depandans sou materyèl sa yo.



**KONSANTMAN AK DIVILGASYON ENFÒMASYON POU VAKSEN NEMOKOKSIK**  
**Non Pasyan:** «FirstName» «LastName» **Dat Nesans:** «DOB»

### **Diskriminasyon Kont Lalwa**

Family Physicians Group / Partners in Primary Care konfòme yo avèk lwa sou dwa sivil Federal ki aplikab yo, epi pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks. Family Physicians Group / Partners in Primary Care pa ekskli moun oswa trete yo diferan poutèt ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks.

Family Physicians Group / Partners in Primary Care bay:

- Èd ak sèvis oksilyè gratis, tankou entèprèt langaj siy kalifye, entèpretasyon adistans pa videyo, ak enfòmasyon ekri nan lòt fòm pou moun ki gen andikap lè èd ak sèvis oksilyè sa yo nesèsè pou asire yon opòtinite egal pou patisipe.
- Sèvis lang gratis pou moun ke lang prensipal yo pa Angle lè sèvis sa yo se nesèsè pou bay bon jan aksè, tankou tradiksyon dokiman oswa entèpretasyon aloral.

Si ou bezwen sèvis sa yo, rele 1-877-320-2188 oswa si ou sèvi ak yon TTY, rele 711.

Si ou kwè Family Physicians Group / Partners in Primary Care pa ba ou sèvis sa yo oswa fè diskriminasyon nan yon lòt fason sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks, ou ka depoze yon plent nan:

Civil Rights / LEP/ ADA/ Section 1557 Compliance

Officer 500 W. Main – 10<sup>th</sup> Floor  
Louisville, Kentucky 40202

Si w bezwen èd pou ranpli yon plent, rele 1-877-320-2188 oswa si ou sèvi ak yon TTY, rele 711.

Ou kapab soumèt yon plent dwa sivil tou bay **U.S. Department of Health and Human Services**, Office for Civil Rights elektwonikman sou pòtal pou Plent Biwo pou Dwa Sivil la, ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa lapòs ou telefòn nan:

#### **U.S. Department of Health and Human Services**

200 Independence Avenue, SW Room 509F

HHH Building Washington, D.C. 20201

**1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)**

Fòm plent yo disponib nan <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>



# DIREKTIV SWEN SANTE DAVANS

Non Pasyan: «FirstName» «LastName»

Dat Nesans: «DOB»

Language assistance services, free of charge, are available to you.  
1-866-222-0403 (TTY: 711)

**Español (Spanish):** Llame al número arriba indicado para recibir servicios gratuitos de asistencia lingüística.

**繁體中文 (Chinese):** 撥打上面的電話號碼即可獲得免費語言援助服務。

**Tiếng Việt (Vietnamese):** Xin gọi số điện thoại trên đây để nhận được các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí.

**한국어 (Korean):** 무료 언어 지원 서비스를 받으려면 위의 번호로 전화하십시오.

**Tagalog (Tagalog – Filipino):** Tawagan ang numero sa itaas upang makatanggap ng mga serbisyo ng tulong sa wika nang walang bayad.

**Русский (Russian):** Позвоните по номеру, указанному выше, чтобы получить бесплатные услуги перевода.

**Kreyòl Ayisyen (French Creole):** Rele nimewo ki pi wo la a, pou resevwa sèvis èd pou lang ki gratis.

**Français (French):** Appelez le numéro ci-dessus pour recevoir gratuitement des services d'aide linguistique.

**Polski (Polish):** Aby skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej, proszę zadzwonić pod wyżej podany numer.

**Português (Portuguese):** Ligue para o número acima indicado para receber serviços linguísticos, grátis.

**Italiano (Italian):** Chiamare il numero sopra per ricevere servizi di assistenza linguistica gratuiti.

**Deutsch (German):** Wählen Sie die oben angegebene Nummer, um kostenlose sprachliche Hilfsdienstleistungen zu erhalten.

**日本語 (Japanese):** 無料の言語支援サービスをご要望の場合は、上記の番号までお電話ください。

**فارسی (Farsi)**

برای دریافت تسهیلات زبانی بصورت رایگان با شماره فوق تماس بگیرید.

**Diné Bizaad (Navajo):** Wóda'í béesh bee hani'í bee wolta'ígíí bich'í' hódíílnih éí bee t'áá jiiik'eh saad bee áká'ánida'áwo'déé nika'adoowol.

**العربية (Arabic)**

الرجاء الاتصال بالرقم المبين أعلاه للحصول على خدمات مجانية للمساعدة بلغتك